**दिन–मंगलवार** **दिनांक–02.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोकसभा चुनावक तैयारी के लऽकऽ आइ बिहार मे पार्टीक सभ बुथ कमिटी अध्यक्ष सभ सँ थोड़े कालक बाद संवाद करताह। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष आओर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे प्रदेशक सतहत्तरि हजार तीन सय बिरानवे भाजपा बुथ अध्यक्ष सभ एहि मे भाग लेताह। ओतहि, श्री मोदी नवादा,खगड़िया, सीवानक नौतन, दरभंगाक जाले आओर औरंगाबादक रफीगंजक एक–एक बुथ कमिटी सदस्य सभ सँ सोझे संवाद करताह। प्रधानमंत्री, एहि बिच नमो एप, नमो टीवी आओर प्रधानमंत्रीक अधिकारिक यूट्यूब चैनल नरेन्द्र मोदीक माध्यम सँ पार्टी कार्यकर्त्ता सभ सँ जुड़ताह।

---

लोकसभा चुनावक पहिल चरण मे राज्यक चारि लोकसभा सीट गया, औरंगाबाद, नवादा आओर जमुई सँ अड़तीस उम्मीदवार सभ चुनावी मैदान मे छथि। आइ नाम वापसिक अंतिम दिन कोनो उम्मीदवार सभ अपन नाम वापिस नहि लेलनि। गया संसदीय सीट सँ एक उम्मीदवारक नामांकन पत्र रद्द कयल गेल। चुनाव आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार गया संसदीय सीट सँ चौदह, जमुई मे सात, नवादा मे आठ आओर औरंगाबाद मे नओ उम्मीदवार सभ चुनाव मैदान मे छथि। एहि सभ सीट पर बहत्तरि उम्मीदवार सभ नामांकन पत्र भरने रहैथ, जाहि मे सँ चौतीस नामांकन पत्र रद्द कऽ देल गेल। एहि सभ ठाम उनैस अप्रैल कऽ भोट खसाओल जायत।

---

निर्वाचन आयोग अगिला लोकसभा चुनाव मे आलोचना प्रतिक्रिया आओर आनोआन गतिविधि पर नजरि रखबाक लेल बिहार सहित छओ राज्य मे विशेष पर्यवेक्षकक नियुक्ति कयलक अछि। इ सभ राज्य मे पश्चिम बंगाल, उत्तर प्रदेश, महाराष्ट्र, आंध्र प्रदेश आओर ओड़िसा अछि। इ पर्यवेक्षक सभ खास कऽ सीमा क्षेत्र मे अलोकतांत्रिक चुनावी गतिविधिक रोकथाम पर विशेष ध्यान देताह।

———————————————————————————

निर्वाचन आयोग भोजपुरक जिलाधिकारी राजकुमार, पुलिस अधीक्षक प्रमोद कुमार यादव आओर नवादाक जिलाधिकारी आशुतोष कुमार वर्मा आओर पुलिस अधीक्षक अम्बरीश राहुल के अपन पद सँ हटा देलक अछि। संगहि, आयोग इ चारू पदाधिकारी सभ के लोकसभा चुनाव पूरा भेला धरि कोनो  चुनावी ड्यूटी नहि करबाक लेल जनौलक अछि।

———————————————————————————

कांग्रेस भागलपुर, किशनगंज आओर कटिहार संसदीय क्षेत्र सँ अपन प्रत्याशीक घोषण कऽ देलक अछि। भागलपुर सँ अजीत शर्मा, किशनगंज सँ मोहम्मद जावेद आओर कटिहार सँ तारिक अनवर पार्टीक प्रत्याशी घोषित कयल गेल छथि।

———————————————————————————

मुजफ्फरपुर सँ भाजपाक निवर्तमान सांसद अजय निषाद आइ कांग्रेस मे शामिल भऽ गेलाह। दिल्ली मे कांग्रेसक वरिष्ठ नेता पवन खेड़ा हुनका पार्टीक प्राथमिक सदस्यता दिऔलनि। एहि मौका पर कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष अखिलेश प्रसाद सिंह सेहो छलाह। अजय निषाद एहि बेर भाजपाक टिकट नहि भेटलाक कारण नाराज छलाह। हुनक बदला पार्टी एहि बेर मुजफ्फपुर सीट सँ राजभूषण निषाद के अपन उम्मीदवार बनौलक अछि।

———————————————————————————

पटना उच्च न्यायालय जनौलक अछि जे जौ नियोजित शिक्षक सभ सक्षमता परीक्षा पास नहि करैत छथि, तखनो ओ सभ सेवा मे बनल रहताह। मुख्य न्यायाधीश कुमार विनोद चन्द्रनक अध्यक्षताबला खंडपीठ एक याचिकाक सुनवाईक बाद आइ निर्णय सुनौलनि। न्यायालय नियमावली –बारह मे अपीलीय प्राधिकार के समाप्त करय सँ जुड़ल नियम के सेहो खारिज कऽ देलक। पीठ जनौलक जे शिक्षकक लेल अपीलीय प्राधिकार पहिने जेहेन काज करैत रहत। ध्यातव्य अछि जे राज्यक नियोजित शिक्षक सभ के राज्यकर्मीक दर्जा देबाक लेल शिक्षा विभाग द्वारा सक्षमता परीक्षा लेल जा रहल अछि। विभागक अपर मुख्य सचिवक अध्यक्षताबला कमिटी सरकार सँ अनुशंसा कयने छल जे जे नियोजित शिक्षक पांच बेर सक्षमता परीक्षा मे अनुपस्थित रहैत छथि या अनुत्तीर्ण होयत छथि तऽ हुनका सभक सेवा समाप्त कयल जा सकैत अछि। एहि लेल नियोजित शिक्षक सभ पटना उच्च न्यायालय मे याचिका दायर कयने छलाह।

———————————————————————————————

पछिया हवाक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे तापमान बढ़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार कतेको ठाम अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस धरि भऽ गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बीच चालीस दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग वैशाली राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला दू दिनक बीच राज्यक अधिकतम तापमान मे कोनो खास बदलि नहि होयत। ओकर बाद अगिला तीन दिनक बीच तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस बढ़ि सकैत अछि।

———————————————————————————————

मधुबनी जिलाक पिपराही लग एस.एस.बीक टीम अंठानवे किलो गांजाक संग नेपालक एक नागरिक के गिरफ्तार कयलक अछि।

पूर्वी चंपारण जिलाक पिपरा कोठी थाना क्षेत्र सँ पुलिस कतेको मामिला मे वांछित दू अपराधी के हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।